



## **EDIKASYON SOU SANTE KONT KOLERA**

Kolera ap toujou nan te a, men li pap toujou vivan.

Kolera ap pifasil enfekte nou si gen gwo lapli. Se pandan gen gwo lapli nou dwe pran aksyon pou pwoteje tet nou e pou trete dlo nap bwe.

1. Sevi ak dlo trete e bwe dlo trete Selman.

\*Itilize dlo trete pou bwe e pou bwose dan ou yo, pou lave ko nou e pou prepare manje.

\*Pwopte zon kote nan prepare manje e tout veso yo ak fab e dlo trete. Asure yo fin seche net avan ou itilize yo anko.

Pou asure dlo bon pou nou bwe e sevi avel:

\*Bwi dlo a pandan 1 minit oubyen trete li ak kloros.

\*Si nap bwi dlo, asure nou kenbe dlo ap bwi for pandan 1 minit pou pi piti tan.

\*Pou trete dlo ak chlorine, mande enfomasyon nan sant de sante.

\*Pout rete dl oak kloros, ajoute 8 gout kloros pou chak gallon dlo (oubyen 2 gout kloros nan chak litre dlo) epi rete tan 30 minit avan ou bwe dlo a. Kloros pap deranje nou si nou Selman sevi avel de tanzantan pou nou fe prevansyon kolera.

\*Toujou asure nou kenbe dlo trete nan yon bokit pwop ki gen kouvete pwop.

2. Lave men ou yo souvan ak savon e dlo trete.

\*lave men yo avan ou manje e avan wap prepare manje

\*lave men yo avan ou bay pitit ou yo manje

\*lave men yo apres ou fin pipi oubyen twalet

\*lave men yo apres ou chanje diaper pitit ou ak lew fin beyen pitit ou

\*lave men yo si wap pran swen yon moun malad ki gen vomisman ak dyare

\*Si pa gen savon disponib, fobi men ou yo ak chabon oubyen sab e rense yo ak dlo trete.

3. Toujou cheche latrin pou nou sevi oubyen kouvri twalet nou anba te. Pa janm twalet nan dlo tanku yon ravin.

\*sevi ak latrin oubyen twalet.

\*toujou lave men ou yo ak savon e dlo pwop le nou fin twalet.

\*nou kapab pwopte latrin oubyen lot kote ki gen twalet sou yo ak yon solusyon kote nou melanje 1 mezi kloros pou chak 9 mezi dlo.

4. Kwit manje byen (espesyalman fruits des mers), asure li kouvri, manje li cho, e retire po legim ak fwi yo.

\*Bwi li, kwit li, retire po li, oubyen pa manje li!

\*Bet ki soti nan la mer pi fasil pote kolera ladan yo. Asure nou bwi yo oubyen kwit yo byen.